

Modèl Règleman pou Patisipasyon Paran Tit I ak Kontra ant Paran ak lekòl pou lekòl prime PS/lekòl presegondè MS/lekòl segondè HS XX¹

Seksyon I: Règleman pou Patisipasyon paran Tit I

Rechèch sou edikasyon pwouve yon rapò pozitif ant patisipasyon paran ak siksè elèv. Tout objektif règleman sa a se mete sou pye yon pwogram pou patisipasyon paran k ap garanti patisipasyon efikas paran ak kominote a nan lekòl nou an. An konsekans, PS/MS/HS XX, [dapre Seksyon 1118 Tit I, Pati A Lwa Pa kite okenn timoun ret dèyè No Child Left Behind (NCLB)], responsab pou mete anplas epi aplike yon règleman pou patisipasyon paran pou ranfòse koneksyon ant lekòl ak fanmi elèv, ak pou sipòte akonplisman elèv. Yo fè règleman PS/MS/HS XX yo pou kenbe paran yo enfòmè lè yo fè yo patisipe aktivman nan planifikasyon ak desizyon lekòl ap paran pou sipòte dikasyon pitit yo. Yo ankouraje paran pou patisipe seryezman nan Ekip Lidèchip Lekòl la *School Leadership Team* (SLT), Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA), ak Komite Konsèy Paran *Parent Advisory Council* (PAC) Tit I, kòm volontè yo bay trening ak manm ki jwenn bon akèy nan kominote lekòl nou an. Pou sipòte paran ak fanmi elèv Tit I, PS/MS/HS XX ap:

1. ofri materyèl ak trening pou ede paran travay avèk pitit yo pou amelyore akonplisman yo (paegzanp *literacy*, matematik ak itilizasyon teknoloji);
2. bay paran enfòmasyon ak trening yo bezwen pou vin patisipe seryezman nan planifikasyon ak desizyon y ap pran pou sipòte edikasyon pitit yo;
3. ankouraje yon bonjan kolaborasyon ant lekòl ak moun lakay elèv pou garanti paran ka sipòte ak kontwole pwogrè pitit yo avèk efikasite;
4. ofri paran èd pou konprann nòm ofisyèl ak evalyasyon Vil la, Eta a, ak Federal;
5. pataje enfòmasyon osijè lekòl avèk paran ki gen pou wè ak pwogram, reyinyon ak lòt aktivite nan yon nivo, ak nan yon lang paran ka konprann.

¹ Se Biwo pou amelyorasyon lekòl *Office of School Improvement* (OSI) an kolaborasyon avèk Depatman Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED), OSI ak Sèvis kominote Vil Nouyòk ak Biwo pou Angajman ak Defans Dwa Fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) ki mete anplas modèl sa a. Yo adapte modèl sa a kòrèkteman ak kondisyon pou patisipasyon paran jan l decri nan Tit I, Pati A, Seksyon 1118 Lwa NCLB a.

6. ofri anlwaye lekòl yo opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl avèk èd paran pou amelyore kapasite pou kontakte paran, abilite pou kominike ak aptitud pou konprann kilti pou kapab devlope rapò pi solid ant paran ak lòt manm nan kominote lekòl nou an;

[ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]

Yo fè règleman pou patisipasyon paran PS/MS/HS XX apati yon evalyasyon presi bezwen tout paran/gadyen, ladan paran/gadyen ELL ak elèv ki gen andikap. Kominote lekòl nou an ap fè yon evalyasyon chak ane kontni materyèl ak efikasite règleman pou patisipasyon paran avèk paran Tit I pou amelyore kalite akademik lekòl nou an. Y ap itilize rezilta evalyasyon an k ap fèt atravè sondaj sou lekòl ak fòm opinyon, pou devlope estrateji pou satisfè bezwen paran pi byen, ak pou amelyore pwogram Tit I lekòl la. Lekòl la ap kenbe enfòmasyon sa yo.

Lè yo t ap devlope Règleman pou patisipasyon Paran Tit I nan PS/MS/HS XX, yo te pran avi paran elèv k ap patisipe nan pwogram Tit I, paran manm nan PA lekòl la (oswa PTA), ansanm avèk avi paran manm nan SLT sou Règleman Patipasyon Paran Tit I yo te pwopoze a, epi yo te mande yo pran avi manm yo pou jwenn lòt opinyon. Pou ogmante ak amelyore patisipasyon paran ak kalite lekòl, PS/MS/HS ap:

- angaje paran pou patisipe seryezman nan planifikasyon, egzamen ak evalyasyon efikasite pwogram Tit I lekòl la jan li ye nan Plan edikasyon endividyèl *Comprehensive Education Plan* (CEP) a, ladan aplikasyon Règleman pou patisipasyon paran Tit I lekòl la ak Kontra ant paran ak lekòl;
- fè paran patisipe nan diskisyon ak desizyon konsènan fon lajan Tit I yo mete apa pou bay lekòl yo dirèkteman pou ankouraje patisipasyon paran, ladan literacy fanmi ak abilite antank paran;
- asire yo itilize fon lajan Tit I yo bay pou patisipasyon paran pou fè aktivite ak estrateji jan yo dekri l nan Règleman pou patisipasyon paran ak Kontra ant paran ak lekòl;
- sipòte komite onivo lekòl la ki gen ladan l paran ki se manm nan SLT, PA (oswa PTA) ak PAC Tit I. Pou bay yo tou sipò teknik ak fòmasyon pwofesyonèl regilyèman, sitou pou devlope kapasite yo onivo lidèchip;

- kenbe yon Koòdonatè paran (oswa yon anplwaye ²devwe) pou sèvi kòm kontak ant lekòl la ak fanmi. Koòdonatè paran an oswa yon anplwaye devwe ap ofri paran sesyon enfòmasyon dapre bezwen yo wè paran timoun ki patisipe nan lekòl nou an genyen, epi y ap travay pou asire anviwònman lekòl nou an akeyan epi atire tout paran. Koòdonatè paran an ap kenbe tou yon lis evènman ak aktivite yo planifye pou paran chak mwa, epi l ap voye yon rapò ba Biwo santral OFEA a;
- òganize sesyon enfòmasyon pou paran kote yo diskite kesyon tankou: konpetans paran, konpreyansyon kourikoulòm chak nivo klas dwe kouvri ak kisa k ap nan evalyasyon yo; *literacy*, fason pou jwenn sèvis kominotè ak sèvis sipò; ak trening nan domèn teknoloji pou ranfòse kapasite yo kòm paran pou ede pitit yo lakay yo;
- ofri opòtinite pou paran pou ede yo konprann sistèm responsablite a (paegzanp, Sistèm Rapò Eta/NCLB, Nivo Pèfòmans Elèv, Rapò Anyèl sou Lekòl, Rapò sou Pwogrè, Rapò sou Evalyasyon Kalite, Rapò Sondaj sou Anviwònman Aprantisaj;)
- òganize Reyinyon anyèl pou paran Tit I nan dat 1^{ye} desanm oswa anvan chak ane lekòl pou avize paran timoun k ap patisipe nan pwogram Tit I osijè pwogram Tit I finanse, dwa yo genyen pou patisipe nan pwogram lan ak kondisyon pou paran patisipe dapre Tit I Seksyon 1118 ak lòt seksyon aplikab dapre Lwa NCLB;
- Planifye lòt reyinyon paran (paegzanp, reyinyon chak twa mwa, lè yo ka varye, tankou reyinyon nan maten oswa aswè, pou pataje enfòmasyon osijè pwogram edikatif lekòl la ak lòt inisyativ Chanselye a, epi pèmèt paran sigjere opinyon yo;
- tradwi tout dokiman enpòtan lekòl, epi ofri entèpretasyon pandan reyinyon ak aktivite lè l nesèsè; epi
- òganize yon Fwa/Aktivite Paran Tit I pou ane a kote yo envite tout paran patisipe nan prezantasyon fòmèl ak sesyon enfòmasyon ki konsidere bezwen elèv onivo akademik ak kisa paran ka fè pou ede.
- *[ajoute lòt aktivite, si sa aplikab]*

² Tanpri sonje ke se sèl lekòl leta nan Vil Nouyòk ki rive gen yon efektif 200 elèv oswa plis k ap resevwa finansman pou anplwaye yon Koòdonatè paran.

Pou ankouraje tou patisipasyon paran onivo lekòl, PS/MS/HS XX ap:

- òganize yon Konferans anyèl sou Kourikoulòm pou Paran Tit I;
- òganize evènman ak aktivite sou edikasyon pou fanmi pandan Semèn Vizit Lib *Open School Week*, ak pandan tout ane eskolè a;
- ankouraje patisipasyon paran seryezman nan SLT, PA (oswa PTA) ak PAC Tit I;
- sipòte oswa òganize aktivite OFEA pou Jounen pou fanmi nan Distri;
- tabli yon Sant resous pou paran oswa yon bibliyotèk; materyèl edikatif pou paran.
- *òganize aktivite pou sipòte lidèchip gason nan edikasyon pitit yo, paran/gadyen legal, granpè/granmè ak paran k ap akeyi timoun lakay yo;*
- ankouraje plis paran vin suiv trening pou ofri sèvis yo kòm volontè nan lekòl la;
- bay paran yo dokiman sou rapò sou pwogrè ak pale avèk yo pou bay yo rapò pou toujou enfòm yo sou pwogrè pitit yo;
- devlope ak distribye yon bilten nouvèl lekòl oswa dokiman ki pibliye sou entènèt pou enfòm paran osijè aktivite lekòl ak pwogrè elèv; epi
- bay paran klasè ak katab pou mete lèt pwofesè voye lakay yo pou kominike ak yo, nan lang paran yo ka konpran nan maksimòm posiblite sa ka fèt;
- *[ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]*

Seksyon II: Kontra ant lekòl ak paran

PS/MS/HS XX, *[dapre Seksyon 1118 Tit I, Pati A Lwa NCLB]* ap aplike desizyon yo mete nan yon Kontra ant Lekòl la ak Paran elèv pou ranfòse koneksyon ant lekòl ak fanmi, epi pou sipòte akonplisman elèv yo. Anplwaye PS/MS/HS XX ak paran elèv k ap patisipe nan aktivite ak pwogram Tit I finanse, dakò ke Kontra sa a dekri fason paran, tout anplwaye lekòl la ak elèv yo ap pataje responsablite pou amelyore rezilta akademik ak mwayen y ap itilize pou devlope yon kolaborasyon ant lekòl ak paran pou asire tout timoun satisfè Nòm ofisyèl yo ak evalyasyon Eta yo.

Responsablite lekòl:

Ofri kourikoulòm bonjan kalite ak enstriksyon ki adapte ak Nòm ofisyèl Eta yo pou pèmèt timoun k ap patisipe yo satisfè Nòm ofisyèl ak Evalyasyon Eta yo. Pou fè sa, lekòl la ap:

- itilize tan pou aprantisaj akademik la avèk efikasite;
- respekte diferans onivo kilti, ras, ak etnisite;
- aplike yon kourikoulòm ki adapte ak Nòm ofisyèl Eta yo;
- ofri bonjan kalite enstriksyon pou tout matyè yo; epi
- mete pwofesè ki gen bonjan kalifikasyon pou anseye, epi lè sa pa fèt, avize paran yo jan Lwa NCLB a egzije sa a;
- *[ajoute lòt aktivite, lè yo aplikab]*

Sipòte relasyon ant lekòl la ak moun lakay elèv, epi amelyore komunikasyon lè yo:

- òganize konferans pwofesè-paran chak semès kote y ap diskite pèfòmans chak timoun anpatikilye, ansanm avèk fason sa gen rapò avèk Kontra a;
- konvoke yon Reyinyon anyèl pou paran Tit I (anvan 1^{ye} desanm chak ane lekòl) pou paran elèv k ap patisipe nan pwogram Tit I pou enfòmasyon yo osijè kondisyon Tit I lekòl la ak pwogram yo finanse yo ak dwa yo pou patisipe;
- fikse lòt reyinyon nan lòt lè diferan (paegzanp, maten, apremidi), epi ofri (si l nesèsè epi si gen lajan disponib) mwayen transpò, gadri oswa vizit lakay paran ki pa ka vin nan reyinyon regilye yo;
- respekte dwa fanmi ki gen konpetans limite nan lang angle *limited English proficient* (LEP) pou gen dokiman tradui ak sèvis entèpretasyon pou asire yo patisipe nan edikasyon pitit yo;
- garanti yo voye enfòmasyon ki gen pou wè ak pwogram lekòl ak pwogram paran bay paran timoun k ap patisipe yo, nan lang paran ka konprann nan maksimòm posiblite sa ka fèt;
- fè paran patisipe nan pwosesis planifikasyon pou revize, evalye ak amelyore pwogram Tit I ki egziste yo, Règleman pou patisipasyon paran an ak Kontra sa a;

- bay paran enfòmasyon atan konsènan apèsi sou pèfòmans ak rezilta evalyasyon elèv pou chak timoun ak lòt enfòmasyon enpòtan sou yon lekòl anpatikilye; epi
- asire yo distribye ak pale sou Règleman pou patisipasyon paran ak Kontra ant lekòl ak lakay elèv chak ane;
- *[ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]*

Bay paran mwayen rezonab pou kontakte anlwaye. Pou fè sa, lekòl la ap:

- asire anlwaye lekòl la gen aksè sèvis entèpretasyon pou kominike avèk paran LEP yo avèk efikasite.
- avize paran osijè pwosedi pou fè yon randevou avèk pwofesè pitit yo oswa lòt anlwaye lekòl la;
- mete opòtinite pou paran resevwa trening pou ofri sèvis yo kòm volontè, epi pou patisipe nan klas pitit yo, epi pou obsève aktivite nan salklas; epitou
- planifye aktivite pou paran pandan ane lekòl la (paegzanp., Semenn Vizit lib *Open School Week*);
- *[ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]*

Bay paran yo sipò jeneral. Pou fè sa, lekòl la ap:

- kreye yon kominote aprantisaj ki gen sekirite, ki ankourajan ak ki gen efikasite pou elèv, ak yon anviwònman akeyan kote yo respekte paran ak gadyen legal yo;
- Ede paran konprann nòm akonplisman ak evalyasyon akademik ansanm avèk kòman pou yo kontwole pwogrè pitit yo, lè yo ba yo opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl (y ap planifye lè a pou pi fò paran ka patisipe);
- pataje ak kominike pi bon abitud yo genyen pou byen kominike, kolabore epi mete tèt yo avèk tout manm nan kominote lekòl la;
- sipòte aktivite pou patisipasyon paran jan paran mande l; epi
- asire yo itilize lajan fon Tit I yo mete pou patisipasyon paran pou òganize aktivite jan yo dekri sa nan Kontra sa a ak nan Règleman pou patisipasyon paran;

- avize paran sou dwa yo genyen pou fè yon plent dapre Pwosedi jeneral pou pòte plent Depatman an pou respekte egzijans Lwa NCLB Tit I pou pwogram Tit I ak Lwa pou Edikasyon primè ak Segondè *Elementary Secondary Education Act* (ESEA) ak pwogram Tit I,
- [ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]

Responsablite Paran/Gadyen legal:

- kontwole prezans pitit mwen, epi asire pitit mwen rive lekòl alè, epi suiv pwosedi apwopriye pou enfòmè lekòl la lè pitit mwen absan;
- fikse yon lè pou pitit mwen al dòmi leswa dapre bezwen l ak laj li pou asire li rive lekòl byen repoze;
- tcheke pitit mwen pou l fè devwadmezon li yo, epi ede l fè yo, lè l nesèsè;
- li pou pitit mwen epi/oswa pale sou sa pitit mwen ap li chak jou (omwen 15 minit)
- fikse kantite tan pou pitit mwen gade televizyon oswa jwe jwèt videyo;
- ankouraje pou l byen itilize tan li gen anplis paegzanp, opòtinite aprantisaj pandan jounen lekòl pi long, *clubs*, ekip espò ak/oswa pase bon tan avèk fanmi;
- ankouraje pitit mwen suiv règ ak règleman lekòl, epi pale osijè Kontra la avèk pitit mwen;
- ofri sèvis mwen kòm volontè nan lekòl pitit mwen oswa ede lekòl pandan mwen lakay mwen lè mwen gen tan;
- patisipe, lè l nesèsè, nan desizyon ki gen pou wè avèk edikasyon pitit mwen. Epi m ap :
 - kominike avèk pwofesè pitit mwen an osijè bezwen edikatif pitit mwen, epi m ap li vit tout avi lekòl la oswa distri a voye banm pou m kapab rete enfòmè, epi m ap reponn touswit;
 - reponn kesyon sondaj, fòm pou bay opinyon ak avi lè yo mande m fè sa;
 - patisipe nan devlopman, aplikasyon, evalyasyon ak revizyon Règleman pou patisipasyon paran an ak Kontra sa a;
 - patisipe trening lekòl la, Distri a, Biwo santral la, ak Depatman Edikasyon Eta *State Education Department* (SED) ap ofri lè l posib oswa mande yo,

pou yo gen plis enfòmasyon osijè estrateji yo itilize pou anseye ak pou aprann;

- patisipe nan PA oswa PTA oswa ofri sèvis lè l posib nan gwoup konsèy yo (tankou PAC Tit I distri, SLT oswa DLT; epi
- pataje responsablite pou amelyore rezilta akademik pitit mwen;
- *[ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]*

Repsonsablite elèv:

- ale lekòl regilyèman epi rive alè;
- fin fè devwamezon mwen, epi remèt tout devwa alè;
- suiv règleman lekòl yo, epi pran responsablite pou aksyon mwen;
- montre respè pou tèt mwen, lòt moun ak bagay ki pa pou mwen yo;
- eseye rezoud dezakò oswa konfli nan lapè; epi
- toujou eseye fè tout efò mwen kapab pou aprann lekòl

[ajoute lòt aktivite, si yo aplikab]

Yo te distribye règleman pou patisipasyon paran sa a (ki gen ladan l Kontra ant lekòl ak paran) pou _____ evalye l nan dat _____

Yo te modifye Règleman pou patisipasyon paran sa a nan dat _____.

Y ap distribye vèsyon final dokiman sa a ba kominote lekòl la nan dat _____ epi l ap disponib nan dosye ki nan biwo Kowòdonatè paran an.

Y ap soumèt dènye vèsyon règleman sa a ba OSI kòm dokiman siplemantè CEP lekòl la, epi y ap klase l tou nan OFEA.